



# Ann pwodui mwens fatra!

## An nou prepare pou pwochen jounen aksyon pou pwoteje klima nan Lekòl Leta Vil Nouyòk nan dat **Mèkredi 7 fevriye**

Èske w te konnen? Dapre yon etid ki te fèt an 2017, 86% fatra yo pwodui nan lekòl nou yo ka tounen konpòs oswa yo ka resikle yo! **(Depatman Sanitasyon Vil Nouyòk)**

Se poutèt sa 7 fevriye, elèv pral aprann sou fason amizan, apwopriye ak kreyatif pou diminye, reutilize, ak resikle nan kominote lekòl yo ak pi lwen.

Pandan jounen aksyon pou pwoteje klima sou tèms fatra a, patisipe avèk lòt elèv atravè Vil Nouyòk pandan nou tout ap travay pou bati yon meyè lavni.

Ansanm, nou ka fè yon diferans!

Jwenn plis enfòmasyon sou jounen aksyon pou pwoteje klima a:

**[schools.nyc.gov/ClimateActionDays](https://schools.nyc.gov/ClimateActionDays)**

Gen de fason nou  
ka diminye fatra  
nan lekòl nou yo:

**1**

Evite kreye fatra avantou!  
Itilize sèlman sa ou bezwen  
epi jwenn fason pou reutilize  
materyèl.

**2**

Byen triye objè pou resikle  
ak objè pou fè konpòs, pou  
ka redui kantite fatra nou  
voye al jete yo. Rive nan  
fen ane lekòl 2024 la, tout  
lekòl leta K-12 Vil Nouyòk  
pral gen sèvis konpòs sou  
twotwa!